ФИФЫ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЕЙ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№211 (21.619) ● 2009 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 10, гъубж ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Джарым Аслъэн и щIыхькIэ

● Юбилей

Щэкlуэгъуэм и 7-м Адыгеим Iэтауэ щагъэлъэпIащ республикэм и япэ президент Джарым Аслъэн Алий и къуэр къыдэгъэкlуэр илъэс 70 зэрырикъур.



АДЫГЕЙМ и президент **Тхьэкlушынэ Аслъэндэрий** и жэрдэмкlэ Правительствэм и Унэм щекlуэкlа гуфIэгъуэ зэIуплъэкlыжьыр Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Абхъазэмрэ я Iэтащхьэхэу **Къаногъуэ Арсенбэй Бэгъэпщ Сергейрэ**, Краснодар краймрэ Хабзэгъэув Зэхуэсым и унафэщI **Бекетов Владимир**, республикэм и правительствэм хэтхэр, Къурал Советым - Хасэм и депутатхэр, жылагъуэ, политикэ, творческэ, щIэныгъэ, щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.

ЗэIуплъэр къызэIуихыаикIи езыгъэкIуэкIа Тхьэкlушынэ Аслъэндэрий къыхигъэщащ **Джарым Аслъэн** и фIыгъэкIэ Адыгэ Республикэр Урысей Федерацэм и субъект щхьэхуэ зэрыкъуарикIи лъэ быдэкIэ зэрыларэ.

- Джарымым и фIыгъэкIэ Адыгеим и цIэр дуней псом фIыкIэ щыIуащ, Косовэ щыпсэуэ ди лъэпкъзэгъэхэр адэжь хэкум къагъэзэпхъуэжа, куржы-абхъаз зауэр къыхэтрагъэувыIа и ужькIэ, - жылагъ абы. - Аращ ди къэралыгъуэр зыгъгъэбыдар, лъэпкъ зэхущытыкIэхэр езыгъэфIэкIуар, хамэ щIыпIэ щыпсэу ди лъэпкъэгъуэ псоми. Тхьэм гъащIэ кIыхь ищI!

ХЬЭТАУ Ислъам.

●КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Пенсионерхэр псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуеину ахъшэ бжыгъэр яубзыху

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэIущIэ зэхэтащ. Ар иригъэкIуащ республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и органым и унафэщI Чеченов Ануар.

ДЕПУТАТХЭР Iуэху зэмылIэужьыгъуэу пщIым щIигъуэм хэлъащ. Псом я пэр парламентархэм яубзыхуащ КъБР-м и Парламентым и зэIущIэр гъэхьэзырыным пыщIа Iуэхухэр. Республикэм и Парламентым и зи чэзу сессиер 2009 гъэм щэкIуэгъуэм и 29-м зэхуэсынущ. Абы къыщыхахьынущ республикэм и социально-экономикэ зыужьныгъэм ехьэлIа Iуэху зэмылIужьыгъуэу тIощIым нэблагъэ.

Адэкlэ КъБР-м и Парламентым Лэжьыгъэмкlэ, социальнэ политикэмкlэ, узыншагъэр хъумэнымкlэ и комитетым и унафэщI **Жанатаев Солим** депутатхэр щыгъуазэ ищIащ «2010 гъэм пенсионерхэм папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуей ахъшэ бжыгъэр хъэщтэным и Iуэхукlэ» КъБР-м и законым и проектым. Ар къыхэзыплъхьар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президиум. Мы документыр щагъэхьэзырым къалъытащ щыхур псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуей ерыскъыпхъэмрэ зыхуэдизыр, апхуэдэу ерыскъыпхъэхэмрэ я хьэпшыпхэмрэ я уасэхэм тещIыхьауэ статистикэмкlэ федеральнэ гъэзэщIакlуэ органым къита бжыгъэхэр. Законопроектым къызэрилъытэмкlэ, 2010 гъэм пенсионерыр псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу мазэ къэс сом 3876-рэ хуеинущ. Мы бжыгъэр яубзыхун хуей щIэхъуэ щхьэусыгъуэхэм ящыщ зыщ пенсэм хущIагъуэ социальнэ ахъшэр зэрагъэбелджылыпхэр.

ЩIэхэкlэ къыщыгъэлъэгъуэ документым пыщIауэ депутатхэр тепсэлъыхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыхур щыпсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейм теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 4 статьям зэхъуэкlыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ» КъБР-м и законым и проектым. Ар ягъэхьэзыращ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыхур щыпсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейм теухуауэ» КъБР-м и Законым и 4 статьяр «Урысей Федерацэм щыхур щыпсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейм теухуауэ» Федеральнэ законым къигъэувэжьмрэ папщIэ. Президиумым и унафэкlэ я законопроектхэр Парламентым и зэIущIэм хуэгъэхьэзырыныр пщэрыль щащIащ лэжьыгъэмкlэ, социальнэ политикэмкlэ, узыншагъэр хъумэнымкlэ комитетым. Законопроектхэм елэжьын папщIэ Парламентым и депутатхэм, Парламентым и Аппаратым и правовой управленэм, Iуэхур зэгъэщIыплъа органэхэмрэ организацэхэмрэ хуагъэхьащ.

Адрей щIыналъэхэм я парламентхэм зэрадэлажьэм хиубыдау депутатхэр хэлъащ УФ-м и субъектхэм я парламентархэм къагъэхьа жэрдэм зыбжанэм. Ахэр теухуащ щыпсэ самоуправленэм, ПсэупIэ кодексым рэ «Коррупцэм пщIэтэным и Iуэхукlэ» Федеральнэ законымрэ зэхъуэкlыныгъэхэр хэлъхьэным. Президиумым хэтхэм законхэр къыдэгъэкlыныжьмкlэ жэрдэмхэр я нэхъыбапIэкlэ даIыгъащ. Апхуэдэу депутатхэр ягъэзы техъуащ Сахалин областым и Думэм «Ныкъуэдыкъуэхэм езыхэм я мылъкуу щыт псэупIэм и уасэр тыныжькlэ я Iуэ щыта льготэхэр къащIэжьынм и Iуэхукlэ» УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и УнафэщI Грызлов Б.В. зэрызыхуагъазэр.

ЗэIущIэм нэгъуэщI Iуэху зыбжанэмэ щытепсэлъыхьащ.

БОРОВИНСКАЯ Татьянэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэм и пэжькlуэ.

Къэрал щыгъуэм и гъэсакlуэ

Берлин щагъэлъапIэ

Илъэс 20 ирокlу Германиер IуэуэзэрагъэушамкIэ нэщэнэу щыта Берлин блынир зэрыIуахьыжа .

Политикхэми еджагъэшхуэхэми зэрыжаIэмкIэ, ар лъабжьэ яхуэхьуащ мы зэманым щIэуэ яуэуэ Европэм, нэгъуэщIу яжьпIэмэ, абы щекlуэжьа зэхъуэжьныгъэфIыхэм.

ГуфIэгъуэ Iуэхуэхэм хэтын папщIэ, Германием кIуащ Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий, Франджым и президент Саркози Николя, Инджылызым и премьер-министр Браун Гордон, США-м и къэрал секретарь Клинтон Хиллари, нэхъапэм къулыкъушхуэ зыIэщIэлъа цIыхухэр.

Куэд зыпэплъэр хущхъуэр

Дуней псор зыгъэгузавэ гриппыр Урысейм и цIыху минищым къеуэлIащ. А узым иIыкIан щыIэщ.

Апсоми къыхэкlыну нэхъ пасэу щIадэзэн хуей хьуащ ди къэралым щIэпсэухэр къанэ щымыIэу къызэщIэзыбыдэ-ну вакцинаэм. Дыгъуасэ я Iуэхур щрагъэжьащ УФ-м и щIыналъитхум. Псом япэу хущхъуэхэр халъхьэ коммуналнэ Iуэхущ1апIэхэм я лэжьакlуэхэм.

ХэщIыныгъэшхуэ

И ныбжьыр илъэс 93-м ирокlу дунейм ехьажащ иджырей лъэхъэнэм и еджагъэшхуэ щIэрыIуэ дыдэхэм ящыщ физик-теоретик, Нобель и саугъэтым и лауреат, академик Гинзбург Виталий.

Абы дунеим и саугъэт нэхъ лъапIэ дыдэр хуагъэфэщауэ зыштащ физикэм и унэтIныныгъэщIэ къызэрыгъэIуихам папщIэ.

НОБЭ

● 1918 гъэм Къатхъэн Назир и шэрихьэт полкыр генерал Мистуловым и дэзм текIуащ.

● 1941 гъэм къалъхуащ Урысей Федерацэм и цIыхубэ сурэтыщI, КъБР-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI, ЩIДАА-м и академик, РАХ-м и член-корреспондент, Краснаярск щыIэ художествэ институтым и профессор **Пащты Герман.**

● **Дыгъэр къыщIэкlащ сыхьэти 6-рэ дакъикlэ 53-м, къуажэкlнущ сыхьэт 16-рэ дакъикlэ 47-м.**

● **Махуэм и кlыхьагъущ сыхьэти 9-рэ дакъикlэ 54-рэ.**

Пэлъаплъэр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Ныбэм измэ, щIакхъуэр цIынэщ.

ФызыщIэупщIэн щыIэмэ

КъБР-м Мэз хозяйствэмкlэ и комитетым и лэжьыгъэм пыщIа хьыбархэр щыхуэхмрэ организацэхэмрэ зрагъэзыIэфын папщIэ мы Iуэхущ1апIэм щагъэува (8662) 74-05-06 телефонымкlэ псалъэ хъунущ. А телефон дыдэмкlэ хьыбар ирагъащIэ хъунущ комитетым и лэжьакlуэхэм мыхъумыщIагъэ зэрагъэщIэкlыжьым теухуауи.

Телефонымкlэ псалъэм къигъэлъэгъуэн хуейщ и цIэр, и щIэр, и адэщIэр, и адресыр, телефоныр. Псэлъэхэм я щIэхэр хэIущIыIу ящIыркъым.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Японием Iэгъуауэ зыщыхуаIэта Тэтрокъуэ Башир

● Хъыбар гуапэ

Тхьэмахуэ и пэкlэ Токио щекlуэкlащ каратэ-кекуусинкаймкlэ Японием и чемпионат зэIуха. Абы жэз медальр къыщихьащ ди лъахэгъу щIэпэ, спортымкlэ мастер Тэтрокъуэ Башир.

КАРАТЭ спорт лIэужьыгъуэр ящыщкlэ Японием ерщ. Дауи, а къэралым абы гупльитI э хэха щыхуащI икIи щIэх-щIэхыпэ зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэр щрагъэкlуэкI. Псом нэхърэ нэхъ мыхьэнэщхуэ иIэу кlуальитэ Японием и чемпионат зэIухам. Зэхьэзэхуэм щIэзэхуоса а каратист пэрызехьэ псори, Къищынэмыщlауэ, ирагъэблагъэ хамэ къэралхэм щыщу зи цIэр фIыкlэ Iуахэр. Хьэлэмэтращи, спортсменхэр я хьэльагъ елыытауэ абы щIэзэхадзыращи икIи, килограмм зыбжанэкlэ зэщхьэщыкlмэ, зэпэщIагъэувэнущ. Псом ящхьэр я зэфIэкlырщ. Аращ абы щытекlуар псомэ я чемпион (абсолютнэ чемпион) щIэхъури.

Японием мы гъэм етIуанэу ирагъэблагъэну щIыхь кlухуащIащ Урысей Федерацэм и чемпион, къэралым и командэ кlыхьэхам хэт адыгэ щIалэ Тэтрокъуэ Башир.

- ИльэситI и пэкlэ япэу Японием и чемпионат зэIухам сыщыхэтам и пIалъэ сщIэртэкlыми, екъуIэныгъэфI зыIэрыгъэхьэфакlым. Иджы абы и дерсхэр нэсу кьэзгъэсэбэпри, сиIуэхур нэхъ кlыкlащ, - жеIэ Башир. - Псом хуэмыдэу ар я фIыгъэщ илъэсипщI хъуауэ сызыгъасэ Зрум Аскэррэ мы зэхьэзэхуэм сыкуэзыгъэхьэзыра Гъэсащ Тимуррэ.

Японием и чемпионат зэIухам каратист 42-рэ хэтащ. Урысей Федерацэм и кlыIу, Тэтрокъуэм къищынэмыщIауэ, Токио ирагъэблагъэ щыIэм зэщыщ Косумов Сулиманрэ Красноярск кlыкlа Сохачев Михаилрэ.

Пкъэидзэм ипкъ иткIэ, Башир япэ дыдэу ныкъуэкlыжьэгъу кlыхьэхьуащ езым нэхърэ килограмм 30-кlэ нэхъ хьэлъэ япон щIалэ абрагъэуар.

- Нэхъапэм апхуэдэ зэхьэзэхуэм екъуIэныгъэ иIэу хэтэ си тренер Гъэсащ Тимур кlыхьэкlыжьауэ сщIэрт апонхэм япэ зэIущIэхэм кlыппагъэувхэм я къалэн нэхъыщIхьэр, иужькlэ кlоозэуэнухэр нэхъ тынщу кlыгъгъэкlуэн папщIэ, фэбжь кlыпIтралъхьэну зэрыщытыр, - дыщегъэгъуэзэ Тэтрокъуэм.

- Арати, сыбзэлэрыгъакlым.

Башир мыбзэлэрыгъам и закlуэкlым. Япэу зыхуэзэа японкаратистхэм ящыщу зыр очко бжыгъэкlэ хигъэщIащ, адрей плIыр хухаха зэманыр и кlэм нэмысу ириудащ.

Финал ныкъуэм Тэтрокъуэмрэ Косумовымрэ щызэIущIащ. Зэгъусэу Урысей Федерацэм и командэ кlыхэхэам ильэс зыбжанэ хьуауэ здщыхэт зэныбжьэгъу бгырыс щIалитIыр зэрэзэну хуейтэкlым, ауэ я гъэцIэ хабзэм ипкъ иткIэ, зэщIадзэхэмэ, тIури зэхьэзэхуэм зыкъагъэкlынут. Арати, зыр адрейм щысхьыпэурэ зэпеуэр иухыукlэ зэрызелъэфащ. Шэшэн щIалэр нэхъ мыджэрауэ судьяхэм кlыалъащIащ ежьар финалым кlуащ. Башир ещанэ увыпIэм щIэбэныН хуейти, хьэрхуэрэгъу кlыхуэхъуам зыкlи щысхьакъым.

Японием ущымыщу каратэмкlэ абы и чемпионатым жэз медаль кlыыщIихьаныр хуабжьу екъуIэныгъэшхуэщ, а щIалиальэм щыщу зы цIыхуми укъыхимыгъэщIэфауэ. Шэч хэлькъым Тэтрокъуэр абыкlи кlыыэрыыэтемыуыIэнум. Абы иджыпстуэрыщу зыхуэгъэхьэзыр Испанием щекlуэжьну зэпеуэ иным, зэман джбынурэ Дунейпсо кубокым щIэбэныну.

Псалъэм кlыдэкlуэу зыкlтIэнщи, Башир, спортым и мызакъуэу, щIэныгъэм хуэIэнжьащ - Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым промышленно-граждан уху ныныгъэмкlэ и кlудамэр диплом плъыкlыжьа кlыухащ. КъБР-ми ди лъэпкъэгъуэр щыпсэу къэралыгъуэ кlудми Iэкъуэмкlэ я фIы дыдэ щыщIадзыну радиожурналист цIэрыIуэ Тэтрокъуэ Астемыр ар и кlуущым яныхъэщ. ЗыгъэжаIэщи, адэфI къуэфI хуэщIащ. Адыгэм ди гъэдунейпсо утыкум адэжьи щIэтыгъ Тхьэм дяпэкlи и насыпт тригъакlуэ!

ЖЫЛАСЭ Заур.

Лэжьапlэншэхэм ящыщу 2000 хьэрычэт Iуэхум хагъэхьэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэгъэхуэбжьауэ щагъэзащIэ 2009 гъэм цIыхуэр лэжьапIэкlэ къыщэрызэгъэпэщар егъэфIэкlуэныжьмкlэ республикэ программэр. Абы и фIыщIэкlэ лэжьапIэншэхэм ящыщу цIыхуищэм нэблагъэм Iэмал ягъуэтащ хьэрычэт Iуэхум хьэхьэну. ЦIыхуэр лэжьапIэкlэ къызэрагъэпэщыныжьмкlэ къэрал комитетым къыщыджаIащ хьэрычэт Iуэхум хьэхьэныжькlэ зыдэIэпыкъуну цIыху бжыгъэр зэхуащIыж Iэнатlэхэм къыйуагъэкlхэр зыхуэдизым, апхуэдэу щIыхуэхэр лэжьапIэкlэ къыхэзыгъэпэщыжьмкlэ щIэнхэм щатхахэм ятещIыхьауэ зэрагъэувыр. А программэм ипкъ иткIэ мы гъэм къриубыдэу езыхэм я щхьэ Iуэху зэрахуэжу щIадзэнущ лэжьапIэншэхэм ящыщу 2100-м. Программэм хиубыдэу ирата дэIэпыкъунIыгъэм и хьэпкlэ, къащIэтэ, Iуащхьэмахуэ районым щыщ Шаваев Зенуллах щхьэзакъуэ хьэрычэт лэжьакlуэу зригъэтхри, автомашинхэр щызэрагъэпэщыжь Iэнатlэ зэтригъэуващ, Шэджэм районым щыщ Гуанэ Ларисэ Iэфыкlэхэр игъэхьэзыру щIидзащ, Май районым щыщ Перелыгинэ Галинэ джэд еГъэхьу.

Мы программэм ухуэхьну гугъукlым. Абы папщIэ муниципальнэ районхэмрэ кlаалэ округхэмрэ я администрацхэм я деж щыIэ комиссэхэм уепсалъэу бизнес-план къызэрыгъэкI етпын хуейуэ аращ. Бизнес-планыр пкъыкlа нэхъыб. ар зыгъэзэзэнэм сом 58800-рэ (лэжьапIэншагъэкlэ илъэсым зэрыдэIэпыкъу ахъшэм хуэдизэ) ират.

КЛИМОВЭ Викторие,
КъБР-м и Цыхуэхэр лэжьапIэкlэ къызэрагъэпэщыныжьмкlэ и къэрал комитетым и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакlуэ.

Къып Мухьэмэд и Iэдакъэщ1экIхэр

● ТхылъыщIэ

Игъуэ я нэмысу дунейм ехьажа сурэтыщI Къып Мухьэмэд сурэт гъуэзджэм гъэзугъэльагъуэ зухъуныгъэльэгъэкlэрзкъызэринэкlащ. Ахэр зэхуэхьэсауэ къыззэрыдэмыкlыр куэдым я гукъеуэри, иджы а Iуэхур хьарзынэу ягъэзэкlуэжащ. «Къып Мухьэмэд. Станковая графика. Тхылъ графикэ» тхылъыщIхуэр дунейм къытехьащ. Абы итщ Къып зыцIэм зэхуэмыдэхэм ищIа сурэтхэр.

ТХЫПЫР къызэIуех езы Къып и тхыгъэмкlэ.

ФIамыщIкlэ, къэрэндащIэ, гуашкlэ, лэчкlэ ищIа сурэт зэмылIужьыгъуэхэр Iэзэгъуэ зэхуэмыдэхэми ятеуухащ. Абыхэм яхэтщ цIыху щхьэхуэхэм я сурэтхэр, тхылъ щхьэхуэхэр зэригъэщIэрэщIауэ щыта Iэнатlэ. Апхуэдэ тхылъхэм ящыщу нэхъ лэжьыгъэшхуэщ Руставели Шота и «Къаплъэныфэ зыщыгъэ зауэлIым», Щодзэнцыкlу Алий и «Къамботрэ Iащэр» яхуитхахэр.

Мы тхылъым щыгъэтынущ сурэтыщIым и лэжьыгъэхэм теухуауэ Мухьэмэд и ныбжьэгъухэм, гъэзджэм и лэжьакlуэхэм жалаХэр.

Апхуэдэуи мыбы итщ Къып Мухьэмэд и гъащIэмрэ лэжьыгъэмрэ ущыкlыгъэ зэхуэмыдэхэми ятеухуащ. Абыхэм яхэтщ цIыхуэхэм я сурэтхэр, тхылъ щхьэхуэхэр зэригъэщIэрэщIауэ щыта Iэнатlэ. Апхуэдэ тхылъхэм ящыщу нэхъ лэжьыгъэшхуэщ Руставели Шота и «Къаплъэныфэ зыщыгъэ зауэлIым». Щодзэнцыкlу Алий и «Къамботрэ Iащэр» яхуитхахэр.

Мы тхылъым щыгъэтынущ сурэтыщIым и лэжьыгъэхэм теухуауэ Мухьэмэд и ныбжьэгъухэм, гъэзджэм и лэжьакlуэхэм жалаХэр.

Апхуэдэуи мыбы итщ Къып Мухьэмэд и гъащIэмрэ лэжьыгъэмрэ ущыкlыгъэ зэхуэмыдэхэми ятеухуащ. Абыхэм яхэтщ цIыхуэхэм я сурэтхэр, тхылъ щхьэхуэхэр зэригъэщIэрэщIауэ щыта Iэнатlэ. Апхуэдэ тхылъхэм ящыщу нэхъ лэжьыгъэшхуэщ Руставели Шота и «Къаплъэныфэ зыщыгъэ зауэлIым»,

● КъБР-м и Правительством

Бюджетыр яубзыху

Ди газетым зэрыгетаци, щэкIуэгъуэм и 5-м КъБР-м и Правительствэм и зэIушIэм щыхэплъащ «2010 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Iуэхугъэ» законым и проектым. Ар иригъэкIуэкIащ Правительствэм и Унафэщ Меркулов Александр.

- НОБЭ дэ зэпкърытхыну къытпэщытIу Къэбэрдей-Балъкъым и закон нэхъыщхьэ дыдэхэм икIи нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэхэм ящыщ зы - ар 2010 гъэм и республикэ бюджетым - техуэр. Къыхэутыхьа проектым Iэмал кьыдет кьэралым и экономикэм и щытыкIэр иджыри зэ зэпэ тIэунчыну - къыхигъэщащ Меркулов Александр, зэIушIэр кьыщыIэзыIухым. - Абы тещыхьауэ республикэм и бюджетыр дубзыхуну къытпэщытщ, ауэ псэушIэгъэ кьыдэхъуэ зэпэуцужу, ар ящыщ зы - ар 2010 гъэм и бюджетым - техуэр. Къыхэутыхьа проектым Iэмал кьыдет кьэралым и экономикэм и щытыкIэр иджыри зэ зэпэ тIэунчыну - къыхигъэщащ Меркулов Александр, зэIушIэр кьыщыIэзыIухым. - Абы тещыхьауэ республикэм и бюджетыр дубзыхуну къытпэщытщ, ауэ псэушIэгъэ кьыдэхъуэ зэпэуцужу, процент 28-м къыщыхэнэ, социальнэ кьалэнхэм гулыитэ хэха хэущыпхьэщ.

Правительствэм и Унафэщым и пэублэ псальэм и уэжькIэ финансхэмкIэ министр **Бышэн Аэрэт** зэшхэуцыхьауэ кьыгетыеуIащ 2010 гъэм и республикэ бюджетым и убзыхукIэу щытынум, мыгъэрейм и зэхэплъкIэм кьыщыхьщыкIыу хальхьэну зэхъуэкIыныгъэхэр щыхуэ. Апхуэдэщ социальнэ кьалэнхэр, капитальнэ хъыбарыгъэхэр, ведомствэхэм я зэрэй бюджетыгъэхущIапIэхэр дэIыгъынщ. ЗэрытраухуамкIэ, республикэм и кьэралкIуэщI щыхуэзэ 2010 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым социальнэ, экономикэ я IуэхугъэкIэ ильэуIыну зыщыгуфIыкIыну зыужьынкIыгъэм тещыхьауэ.

- Федеральнэ бюджетым ди республикэ бюджетым хэхуэу кьыхэхунутIыпщ мыльку етIанэгъэ сом мелардри 2,4-кIэ игъэмэщIынущ. Абы кьыхэкIыу налог политикэм уиэтIынэгъэщIэхэр хэдмыльхьэу хъунукъым, Зэгъэзэжьынныгъэ щыхьэхуэхэр ягъуэтынущ щыдагъэхэлхэмрэ фадэхэкIэмрэ я акцизхэм техьэ налогхэм. Апхуэдэу кьэралыр властым и органхэмрэ щыпIэ самоуправленэмрэ мыльку зэрыхухах щыкIэр зэкIэлыпагъэкIуэпхьэщ,- жиIащ министрым. - ЗэрыгуфIыуэгъуэщи, зэхъуэжьынныгъэхэр я этлъхьа нэужь, бюджетыр нэхъ ткIий хъунущ. Сыту жыIэмэ, бюджет мылькур зэгъэуIуным, ар фейдэ пылъу тегуэшэным, кьэгъэсэбэпынным теухуа хэкIыпIэ псори кьэдгъэсэбэпынуцI, кьыхэутыщ. Урысей Федерацэм ФинансхэмкIэ и министерствэм и чэнджэщэгъэ кьэтлытыгъуэ, Iуэхур тыдошIыхь Къэбэрдей-Балъкъэрым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм тегъэпсыхьа программэ хэхахэр гъэзэщIынущ, налогэр кьыхэзрыхах щыкIэр егъэфIэкIуэным, бюджет мылькур зэгъэзэхуэным, республикэм и кьэралкIуэщI щыхуэхэр зыгъэгъэжьынным, инвестицIу нэхъыбэ кьыхегъэльхьэным.

Бышэн Аэрэт кьыхэзрихьащамкIэ, федеральнэ бюджетым щыщ финансэ дэIыгъыкIуныгъэр зэрагъэмэщIэным гулыитэ щхьэхуэ хуащIащ. Иужьрей илъэсхэм республикэм езыдэ и хъыбарыгъэ кьилэжьыкIыр федеральнэ центрым кьиртым щIигъащ икIи дотацэу кьыхуахутIыщыр хэпшIыкIыу нахь мащIэ хъуащ. 2010 гъэм и кIэм и бжьыгъэр процент 45,6-м нэскIэ ехьи хуейщ.

- 2010 гъэм республикэ бюджетым и хъыбарыгъэ мелард 18-рэ мелуан 376-рэ хъунущ, федеральнэ бюджетым щыщу сом мелард 10,7-рэ кьытIэрыхьуэну. ХэщIэу сом мелард 1-рэ мелуан 427-рэ хъуэу дубзыхуащ.

Финанс тхьилъ нэхъыщхьэр «тIкIийуэ» зэхэтлъхьэ и Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм кьищта социальнэ кьалэнхэр кьанэщыIыпхъу пхыдгъэкIыным, министрэр, Кьэралыр комитетэм я унафэщIэр, кьалэ, районыр администрацIэхэм я Iэтащхьэхэр, ирагъэблэгъа кьулыкъущIэхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм теухуа Положенэм и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм теухуа Положенэр кьэщтэн (мы Унафэм щыгъуэ).

2. Кьэру имыIэжу кьэлъытэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм теухуа Положенэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2006 гъэм дыгъэгъазэм и 7-м кьыдигъэкIа Унафэ №1000-IП-П-мкIэ кьащтам.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ Iэ ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык кьала
2009 гъэм жэпуэгъуэм и 31-м
№177-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2009 гъэм жэпуэгъуэм и 31-м кьыдигъэкIа Унафэ №177-П-П-м и гуэдзэн

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм теухуа Положенэ

1. Псори кьызэщIэзыубыдэ Iуэхугъэ

1.1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэр (адэкIэ - ЩIалэгъуалэ палатэм) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыIэ коллегиальнэ чэнджэщэгъу органщ.

1.2. ЩIалэгъуалэ палатэм и полномочиехэр еух ЩIалэгъуалэ палатэм и япэ зэIушIэр щригъэкIуэкIа махуэм щегъэжьауэ илъэситI дэкIмэ.

1.3. ЩIалэгъуалэ палатэм и лэжьыгъэр жылагъуэ Iуэхуу икIи Урысей Федерацэм и Конституцэм, Урысей Федерацэм и хабзэ мардэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хабзэ мардэхэм, мы Положенэм, ЩIалэгъуалэ палатэм и регламентым кьаIэуцужьэм езэгъыу ирегъэкIуэкI.

2. ЩIалэгъуалэ палатэр зытелажьэ мурад нэхъыщхьэхэмэ ящыщ

2.1. ЩIалэгъуалэ палатэр кьызэрагъэпэщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIалэгъуалэм я хуитыныгъэхэмрэ законкIэ я сэбэп зыхальхэмэр закъоныгъэ лъабжьэ етыным и лъэныкъуэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым зыщIигъэкъуэн папщIэ.

2.2. ЩIалэгъуалэ палатэм и кьалэнщ:

1) щIалэгъуалэр парламент лэжьыгъэм хишну, абы и правовой, политикэ зэхэщIыкIыр иубзыхуну, республикэм и щIалэгъуалэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэмрэ я граждан жыджэрагъымрэ дибгъэну;

2) щIалэгъуалэм я хуитыныгъэхэмрэ законкIэ я сэбэп зыхальхэмрэ пыща законодательствэр егъэфIэкIуэным хэушнэ;

3) щIалэгъуалэм я хуитыныгъэхэмрэ законкIэ я сэбэп зыхальхэмрэ кьащIыщыжьынымкIэ хэушнэ;

4) щIалэгъуалэм я хуитыныгъэхэмрэ я гражданзэ жыджэрагъымрэ дибгъэну;

5) щIалэгъуалэм я хуитыныгъэхэмрэ законкIэ я сэбэп зыхальхэмрэ кьащIыщыжьынымкIэ хэушнэ;

6) щIалэгъуалэм я лэжьыгъэ ирагъэкIуэкIынымкIэ;

7) щIалэгъуалэм и гъэсэныгъэ, щIалэгъуалэм и гъэсэныгъэ, щIалэгъуалэм и ныдэлъфыгъэ, щIалэгъуалэм и ныдэлъфыгъэмкIэ щIалэгъуалэм и щIалэгъуалэм и щIалэгъуалэм и

● Щэкіуэгъуэм и 10-р Милицэм и махуэщ

ТОМЧАК Юрий:

Дэ республикэм и цІыхухэм дакъуэтщ

икІи къыгуэхыпІэ зимыІэ абы и зы Іыхьэу дыщытщ

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и милицэм Урысейм къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ и органэм я лэжьакІуэхэм я гъусэ я махуэр ягъэлъапІэ. Ахэр махуэшхэм ирохьэлІэ екъуэдІэныгъэхэряІэу, абыхэм я нэхъыщхьэр - республикэм и цІыхухэм ди лэжьыгъэм кьыхуащІ дзыхьыр зэрыныращ.

Ди лэжьыгъэр нахуэу щытыным дыхущІокъу, цІыхухэм, абыхэм ящыщ дэтхэнэми нэхъ пэгъунэгъу дыздэхъуным яужь дитщ: «дзыхь зрагъэз телефону» 40, КЪБР-м щыІэ МВД-м и Жылагъуэ Советыр мэлажьэ.

ІэнатІэми гъащІэми епха гугъуехь псори кьызэнэкІа мыхьуами, ахэр нэхъ мащІэ зэрыгущыным дыхущІокъу. НэхьыфІым зэрыхуэнабгъэм папщІэ Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и лэжьакІуэхэм фІыщІэ яхуэзощІ.

ЩІэпхъаджагъэм пэщІэтыныр, жылагъуэр мамыру псэуныр кьызэгъэпэщыным гугъуехь куэд пыщІащ, ауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхухэм я шынагъуэншагъэм ди къару псори етхьэлІэнущ. Дэ республикэм и цІыхухэм дакъуэтщ икІи кьыгуэхыпІэ зимыІэ абы и зы Іыхьэу дыщытщ.

Ди лэжьакІуэхэм, къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ ІэнатІэхэм я ветеранхэм, абыхэм я унагъуэхэм ящыщхэм узынщагъэ быдэ, екъуІэныгъэ, эгъуэпщыгъэ яІэну си гуапэщ. Сыхуейщ фи Іыхьлыхэр кьывдзгуфІэу къалэным фыпэрыувэну, апхуэдэуи гуфІэу фрагъэблагъэжьыну. Сыхуейщ дамэтельхэр зыщІыстетлъхар, Іэщэ кьыщІэтщтар, тхьэрыІуэ щІэттар зэи тщымыгъущэну - ар ди цІыхухэр щІэпхъаджаІэхэм, ди жагъуэгъуэм кьытхуахь гуауэхэм ящытхъумэн папщІэщ.

Нобэрей ди махуэшхуэмкІэ сынывохьэхьу, пщІэ зыхуэтІ ныбжьыгъуэх! Урысей Милицэм и махуэр угъурлы тхурехьу!

ІэнатІэ гугъухэм ящыщ зым

ПЛЪЫР-ПОСТ кьулыкъым и полкыр Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и ІэнатІэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщ зыщ. Абы и лэжьакІуэхэм я пщэрыпыыр фэрэ дэрэ ди мамыр псэукІэр яхъумэныщ. Абыхэм я кІалэныр псэзэпылъхьэпІощ мы зэман гугъум.

Псом хэмыдэу гъэщІэгъуэн сщыгъуащ мы ІэнатІэм и милиционерхэм я зэхущытыкІэмрэ яку дэлъ зэхэщІыкІымрэ, я хэщІапІэм кьеГэщІыпІа щыналъэм щыгъэкІуэ хабзэм и гугъу умылъыхьэм. ЦыбларгъэкІ полкым сержант щІалэщІэ къыщытІуощІэ. ДызытекІухьам гупсэхуэ щхьадаІуэ, ди дэфтэрхэр кьепщытэри, зыщІыпІэ мэпсалъэ. Зэман дорой, я унафэщІым и пэщым дыщІашэ.

Милицэм и полконик Дыщэкі Назир а къулыкъм зэрыпэрыувэрэ ІэнатІэм фІы и лъэныкъуэкІэ зэхъуэхІынагъэ куэд игъуэтащ. Бжэщхэм сыщебакъуэм, гуапэу срегъэблагъэри, сетІысхэну кьыслхуегъэлъагъэ.

Я лэжьыгъэм, екъулІэныгъэхэм, гугъуехьхэм щыгъуазэ зыщІыну сызэрыкуэйр щыжеслІэм, и къуэдзэ полковник Бечелов Магомет пщэрыльэ щещІ:

- Мы корреспондентыр плырэхэм ящыщ зым гъусэ хуэщІ, и пэм щыщІэдзауэ и кІэм нэс лэжьыгъэр зрырегъэльагъу.

ДыкъыІукІыну дыхунэсатэкъым, плъыр постым пісынщІэу дыщриджам. Дыззрыс УАЗ-икыр гъэгуи ирожри, кІэщІу пщІанТІымкІэ егъэш. Уно щІыхьэпІэхэм ящыщ зым деж цІыху пщыкІутхум нэблагъэ щІалэгъуалэ гуп щызэхэтщ. Гъунэгъу дахуэмыхьу щІыкІэ гурыІуэгъэ тщІоху зэхуэ зэщІэпІэпхъуэ зэрыщыгъуэ.

Кьахуэкіуэ автомашинэр щалъагъуэ, цІыху зыбжанэм зэуэзэпсэу «загъэкІуэд», кьэнахэм «я хуитныыгъэр» кьагъэльагъуэ щынагъэрэ гуемыІуГъэрэ зыхэпІ псалъэхэр жаІэурэ. Я зэныкъуэкъур хъэщІэшэри гурыІуэгъэкъым, Іуэхуэр мамыру щызэфІэпхьфынУр блэкІагъэнущи, кьарум хуэкІуэным нэблагъащ. Нэхъ «жьыджэрхэм» ящыщ щІалэ чэфым и Іэшт Іымыр я дзуэгъуэхэм ящыщ зым хуегъэдалъэ. Милиционерхэмрэ плъыр машинэмрэ зэдаэуэм хэтхэр зэкІэ зэтреубыдэ. Участковэр къыІуохьэ. Ар фІыуэ яцІыхуу икІи фІэІэпІыкІыу къыщІэкІынущ, аргуэру цІыху зыщыпІлІым загъэбэзэхьажащи. Щэху дыдэ мэхъу. Сыхьэт ныкъуэ докІри, зэныкъэкъуэхэр УВД-м нагъэс.

Гупыр аргуэру ираджэ. Унэ щІыхьэпІэм деж плъырИтІ кьыщытпоплъэ. Офицерым къыбгъэдохьэри, Іуэхур зрыщыщІыгъ къыжраІэ:

- И лъакъуэхэр хуэзблэмыхьу гъэзугум къытеуващи, тхутекІыркъым. Лъэс зекІуапІэмкІэ тшэну ди гугъати, фащэм зыкъыкІэрщІащи, узрам псор кьигъэдаІуэу мэкІий. Куртхэри хитхьащ.

Опорнэ пунктым щІэсщ зи щхьэр щІэгуа, ильэс 50 зи ныбжь цІыкухэр. И тепльэкІэ апхуэдэ гуэр ищІэну хуэгъэфэщэгъуейщ.

- Сыт ущІэныкъуэкъуэр? - зыхуегъаза абы лейтенантым.

Ябыдэм и щхьэр кьеІэт, кІийуэ псалъэ кьемызэгъэжр жеІэ. Шхыдэр хуэмурэ цІыху щытыкІэм хуохІуэ, иужьым и лэжьапІэр зэрымащІэм, и гъащІэр зэрыгугъуэм теухуауэ тхьэусыхэм щІедзэ.

- Ди адзэ, сэри улахуэ нэхъыбэ къызатамэ, «хьэуэ» жысІэнутэкъым, ауэ цІыху блэкІым и курткэр абы щхьэкІэ зэфІэстхъыркъым! Уэ уи гугъуехьыр къызыхэкІыр улахуэрэкъым, ятІэ фадэр щІэхуэ. А птулькІэм и пІэкІэ щІэхъуэ я хьэщхэу.

ЦІыхухъур мамыр мэхъужри, машинэм иотІысхэ.

- Ябыныкъуэм псалъэкІэ зэтыдоуІэфІэж. Ди лэжьыгъэм Іэмал имыІэу щызэпэплъытын хуеІщ. Уэрыхуэ щыткІэр, ауэ цІыху блэкІым и курткэр абы щхьэкІэ зэфІэстхъыркъым! Уэ уи гугъуехьыр къызыхэкІыр улахуэрэкъым, ятІэ фадэр. А птулькІэм и пІэкІэ щІэхъуэ я хьэщхэу.

Цыхухъур мамыр мэхъужри, машинэм иотІысхэ.

- Ябыныкъуэм псалъэкІэ зэтыдоуІэфІэж. Ди лэжьыгъэм Іэмал имыІэу щызэпэплъытын хуеІщ. Іуэрыхуэ щыткІэр, абы елъытауэ

● Футбол

Къалэн нэхъыщхьэр ягъэзэщIакIэ зэфIэкIрэ?

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Динамо» (Мэскву) - (1:2) 2:4. Налшык. «Спартак» стадион. Щэкlуэгъуэм и 8-м. Цыху 8500-рэ еплъащ.

Судьяхэр: МАЛЫЙ (Волгоград), Лапидус (Элиста), Лебедев (Санкт-Петербург).

«Спартак-Налшык»: Радич, Феррейрэ, Джудович, Амисулашвили, Кисенков (Филатов, 20), Концедалов, Джатэрыв, Леандру (Бикмаев, 72), Самсонов, Асильдаров, Калимуллин (Рикардэ, 66).

«Динамо»: Шунин, Уилкшир, Колодин, Фернандес, Гранат (Терёхов, 83), Хохлов, Ропотан (Агийяр, 46), Юсупов (Ковальчик, 46), Комбаров К., Комбаров Д., Кержаков.

Топэр дагъэкIащ: Ропотан, 1 - 0:1. Кержаков, 13 - 0:2. Калимуллин, 39 - 1:2. Комбаров Д., 53 - 1:3. Кержаков, 75 - 1:4. Рикардэ, 85 - 2:4.

Дагъуэ хуащIащ Калимуллиным, Бикмаевым, Уилкшир, Юсуповым.

ТХЬЭМАХУЭ кIуэм Налшык щыз эIущIэ командэхэм мы гъэм зыхуагъэувыжа кьалэнэр ягъэзэщIат. Къаужэнэжыр зыт - я джэгукIэ дахэхэмрэ текIуэныгъэхэмкIэ командэхэм кьыдэщIх эр ягъэгуфIэныгьэ.

Апхуэдэ Iэмал псынщIэ дыдэу кьыхукьуэжащ «Динамо»-м. ЗэIущIэр зэрыщIидзэрэ дакьинкъэ иримыкъу дэкIами арат топыр Радич и гъуэм кьыщыдэжуэм. Губгъуэм и кIм кьыщIидзэрэ, гъуащхьэхъуэм хэм гъунэгъу ящыхуэхъуэм, Ропотан лъэщу топым еуащ икIи и командэр ятэ иригъэщащ - 0:1.

ПсынщIэу кьыхуагъэкIа топым налшыдкэсхэм я лъэр щIидакьым. Зэман кIэщIым кьрифыбыдэу абыхэм ебгъэрыкIуныгъэ зыбжанэ кьызэрагъэпэщащ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, хуэфащэ кIэух зыми ирагъэгъуэтыфакьым. Абыхэм ящыщ зыщ ешащкIуI тIанэ дакьинкъэм Асильдаров кьыззэригъэпэща ебгъэрыкIуныгъэ. Гъащхьэхъуэмэхэм кьапекIуэкIри, ар лъэщу топым еуащ. Шунинир абы лъэIэсакъым, арщхьэкIэ хьэщIэхэр пкъом кьригъэлащ.

Мэскуудэсхэм абы псынщIэ дыдэу жэуап кьратыжащ. И командэм и ебгъэрыкIуэныгъэм хэту Комбаров Кирилл топыр Кержаковым и лъэныкъуэмкIэ кьыхэтащ, нужьрейм тынш дыдэу ар гъуэм игъэкIуащ – 0:2.

«Спартак-Налшыкыр» абы нэхъри игъэгубжьауэ щIэхъуэхъуэрэ ебгъэрыкIуэну хэтт. Апхуэдэу кьыкIэлъыкIуэ дакьинкъэм Самсоновыр зэуа топым хьэщIэхэм я гъущхьэтетым ерагъыущ кьыззэрыригъэгъэзар.

Джэгур командэхэм нэхъ жыдкIэру ирагъэкIуэкI хуащ. Зыри кьикIуэтыну хуейтэкъым - зэпэщIэтыныгъэ гуащIэ губгъуэм щеIуэкIырт. ТопиткIэ я хьэрхуэрэгъуэхэм кьыкIэрыхуэ «Спартак-Налшыкыр» зэпыу имыIэу ебгъэрыкIуэр т. Апхуэдэу Калимуллиным кьыхита топым щхьэхэ еуану Леандру щыдэлъейм, Уилкшир кьеIунщIащ - пенальти.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, хэгъэрейхэм ари сэбэп кьахуэхъуакъым. Налшыкдэсхэм я гъуащхьауэ нэхъыфIхэм ящыщ Асильдаровыр зэуа топым Шуниным кьригъэгъэзащ.

Я Iуэхур кьыззэримыкIым «Спартак-Налшыкым» и футболистхэр иригъэкIуэтакъым - нэхъапэми хуэдэ у, абы ебгъэрыкIуэныгъэхэр кьыззэригъэпэщыну х эгт. Я ерыщагъым икIэм- икIэжьм ди щIалэхэм ехьулIэныгъэ кьахуихьащ. Самсоновыр гъуэм екIуалIэри, нэхъ гъунэгъуу щэт Леандру топыр хуигъэжащ. Бразил футболистыр блэщIэфтри, топыр Калимуллиным и дежкIэ кьэлъеящ. Иужьрейм зэщхьэщыкIыныгъэр нэхъ мащIэ ящIащ - 1:2.

ЗэIущIэм и етIуанэ Iыхьэр хэгъэрейхэм нэхъ жыдкIэру щIидзэжащ. Налшыкдэсхэм я ебгъэрыкIуэныгъэхэр кьыззэпаудын мурадкIэ, «Динамо»-м контратакэ зыбжанэ кьыззэригъэпэщыну хэтащ. Комбаров Кирилл гъуэм екIуалIэри, топыр Уилкшир хуигъэжащ. МетрипщкIэ пэгъунэгъу гъущхьэхъуэмэныкъуэм топыр гъуэм хутегъэхуакъым. Куэдрэ зригъэIэжьакъым футболелпIхэр кьыкIэлыкIуэ топым.

Премьер-лигэм хэт командэхэм я зэхьэзэхуэм и турнир таблицэ

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	Фl.	Т.	О.
1. «Рубин»	28	18	5	5	59-21	59
2. «Спартак»	28	17	4	7	58-28	55
3. «Зенит»	28	14	8	6	46-26	50
4. «Москва»	28	13	9	6	38-24	48
5. Локомотив»	28	13	9	6	38-29	48
6. ЦСКА	28	14	4	10	42-28	46
7. «Сатурн»	28	12	6	10	35-37	42
8. «Динамо»	28	11	6	11	29-34	39
9. «Крылья Советов»	28	10	6	12	30-36	36
10. «Томь»	28	9	8	11	26-37	35
11. «Тэрч»	28	9	6	13	31-43	33
12. «Ростов»	28	7	10	11	26-36	31
13. «Амкар»	28	7	8	13	24-36	29
14. «Спартак-Налшык»	28	6	11	11	30-31	29
15. «Кубань»	28	5	10	13	22-48	25
16. «Химки»	28	2	4	22	19-59	10

Асильдаров Щамил и Iуэхур аргуэру кьикIакъым. *Сурэтхэр* **ЕлЪкЪаН Артур** *трихащ.*

Калимуллиным топ дегъэкI.

ЗэIущIэ нэужьым

КОБЕЛЕВ Андрей, *«Динамо»-м и тренер нэхъыщхьэ:*

Ди пщIэр доIыгъыж

- ЗэIущIэр гъащIэгъуэну екIуэкIащ, нобэ щIалэхэр зэрыджэгуамкIэ сыарэзыщ. Топ дэдгъэкIыну Iэмал куэд диIащ. Псори зэгъусэу кьапщтэмэ, мыIейуэ дыдэзгъащ, Iэмалхэр кьэдгъэзэбэнащ. Нэхъыщхьэр зэIущIэ дахэ зэрэдгъэкIуэкIаращ. Зэхьэзэхуэм и медалхэр дэ кьыгъуэхьыныкъым, ауэ ди пщIэр тIыгъыжьфын хуейщ.

КРАСНОЖАН Юрэ,

«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ:

КъыддэщIхэм дащоукIытэ

- Мыпхуэдэ джэгукIэм щхьэкIэ командэм кьыдэщIхэм пащхьэ дыщыкIытэн хуейуэ кьызолытэ. Ауэ апхуэдизуи дывгъэкъуанщэ хьунукъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, нужьрей эманым икъукIэ ди бгыр щIэкъуэуэ дыдэзгъащ икIи премьер-лигэм дыкьыхэна хуэдэщ.

ЗэIущIэм топ псынщIэ кьыщытхудагъэкIа щхьэкIэ, мыIейуэ зыкъэдгъэлъэгъуэу я кьызолытэ. Нельти дэгъэкIыныр дызыпэмылъэщщ, абы дытелэжьэн хуейщ.

МЭЗКУУ Къанщобий.

Ди гъуащхьхъумэхэр «уэгум» щытепщэщ.

Гъуэм хуэзахэм къагъэзакъым

«Спартак-Налшыкымрэ» Мэскуу и «Динамо»-мрэ я зэIущIэр нуха нэужь, командхэм я футболистхэм захуэдгъаззэри, ар къазэрыщыкъым тедгъэпсэльыхьащ.

Кержаков Александр, «Динамо»-м и гъуащхьауэ: - Насыпи диIэти, къэрхуэрэгъуэм топитI зэIущIэм и пэ дакьинкъэжм хуэдгъэкIащ, армыхьуамэ, Iэхэр нэгъэщIу кьэкIэрэжъуэкIкIэ хьунут. Псом ипэрауэ, дэ дыхущIэкъуащ ди зэфIэкI кьэдгъэлъэгъуэу дыджэгуну. Кьыдгурыгъуэрт, «Спартак-Налшыкыр» нобэ текIуамэ, ар премьер-лигэм кьэзыхэсэнэр икIи командэр абы зэрыхущIэкъунур. Налшыкдэсхэр сыт щыгъуи я дежь щоджагу, ауэ нобэ дэ дынэхьэщащ, Псом хуэмыдэу кьыдэжьулащ таймитIым я ипэ дакьинкъэгр.

Нэхъапэми зэрыжысIащи, гъуэм сыт щыгъуи сеуащ, соуэ нигъ сеуэнущ. Абы сытекIыни муради сиIэкъым. Нобэрей топитIыр си псалъэм я щыхьэтщ. Пэжыр жыпIэмэ, аехри дээмыгъэкIыфыну щытащ.

«Динамо»-м контратакэ зыбжанэ ящIэ щыIакъым. Абы дыщытепсэльыхьынур чемпионатыр ихуа нэужьщ.

Колодин Денис, «Динамо»-м и гъуащхьхъумэ: - Мыпхуэдизу топ кьэдгъэщIыну зыми хуэздгъэкIакъым. Абы нэхъей, хьэщIапIэ дыщыIэу. Зэрыжаи1эу, гъуэм хуэзэу дызэуэ топхэр псори дэпъэтащ.

Сэ езыр зэIущIэхэм фIы дыдэу сыхуэзэщIыкъым, фбжь згъуэтар зэкIыжа кьудеиуэ аращ. Узым сыкьыхихгъэзэыхьыжьыркъым, ауэ зэхьэзэхуэ зыбжанэ зэрыблэзгъэкIам щхьэкIэ, футболым тIэкIу сыщыуа хуэдэщ.

Мыгувэу Словениеи и командэ кьыхжам дыдэджэгунущ. Абы сыхэтыну сраджэныну сщIэркъым. Псори зэпэытар Хиддинк Гусщ. кьыззджэмэ, дауи, сыкIуэнущ. Абы ирихьэлIэу сызэтеувэжьыпэну си кьарум сыкъегъэгубгъэ.

Джудович Мирослав, «Спартак-Налшыкым» и капитан: - Псом ипэрауэ жысIэнщи, «Динамо»-р нобэ сыт и лъэныкъуэкIи кьыдэдIэкIащ. ПсынщIэ дыдэу топитI кьызэрытхудагъэкIамрэ дэ езым пенальтир зэрыдгъмыхуамрэ зэIущIэр кьыщIыдэмыхьулIам щхьэусыгъуэ хуэпщI хьунумэ, ахэр къэсхьынущ. Абы нэмыщIкIэ, дызэрешэри Iуэкум хэльщ. Мазищ хьуауэ кьыкIуэт димыIэу турнир таблицэм дызэры- щыдэкIуэтеинным дыщIэбэнащ. Гугъущ, зэрыжаIэу, премьер-лигэм укьыхэнэн щхьэкIэ, кьыппэщыль зэIущIэхэм жэщи-маху уегупсысыну, абы ущытекIуа зэрыхъунуэр зэбгъэзэкуэну.

КIэщIу жысIэнщи, «Динамо»-р нэхъ лъэщащ нобэ. Абыхэм яIэ Iамалхэр псори кьагъэсэбэщащ, дэ ар тхуэзэфIакIакъым.

Епсэльар **ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег щ.**

Зрумым топ дегъэкI

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Динамо» (Мэскуу) – 1:0 (1:0). Щэкlуэгъуэм и 7-м. Прохладнэ. Центральнэ стадион. Цыху 500 еплъащ.

Судьяр Виктор (Новгород Ищхьэрэ)

«Спартак-Налшык»: (Щоджэн Б. (Щоджэн А., 46), Соблыр, Бырхьэм, Плиев, Ятченкэ, Михеев (Кхъуэныхь, 46), Зрум, Концевой (Овчинников, 46), Пилипчук (Михайлов, 69), Борей (Гъуэщокъуэ, 46), Гъубж (КIыщ, 80).

«Динамо»: Панов, Лотков, Чичерин, Терехов (Каракин, 46. Евсеев, 78), Рыковский, Сизов, Димидкэ, Логуэ, Тихонов (Моргошев, 46), Смолов (Скепский, 69), Кокорин (Панин, 61).

Топыр дигъэкIащ Зрумым, 17.

Дагъуэ хуащIащ: Борейм, Гъубжым, Логуэ, Панин.

Джэгум кьыхахуащ Логуэ.

ЩIАЛЭГЪУАЛЭ гупхэм я зэпеуэм къриубыдэу щдэзт кIуам «Спартак-Налшыкым» Прохладнэ кьыщригъэблэгъащ Мэзкуу и «Динамо»-р.

Джэгум и пэ дакьинкъэхэм кьыщыщIэдзауэ налшыкдэсхэр хьэщIэхэм я гъуэм жыджэру ебгъэрыкIуэу хуежьащ. Бжьыгъэ псынщIэ дыдэу кьыззэIуахыну Iэмал хьэрэнынэхэр яIащ Гъубжымрэ Пилипчукрэ. АрщхьэкIэ хьэщIэхэм я гъуащхьэтетым и зэфIэкI лъагэхэр кьыгъэльагъуэурэ топхэм кьригъэгъзащ.

Ди щIалэхэр зэпыу имыIэу ебгъэрыкIуэрт. Зэман куэд дэмыкIыу Зрум Валерэ «Спартак-Налшыкыр» пэ иригъэщащ. Хэгъэрейхэм я ебгъэрыкIуэныгъэм хэту абы кьыIэрыхьа топыр гъущхьэхъуэмэхэм яблири, Пановым и гъэм диГъэкIащ. ХьэщIэхэм зэззмызэ кьызэрагъэпэща контратакэ псынщIэхэр налшыдкэсхэм я гъущхьэхъумэхэм гугъущэ демыхьу кьызэпаудащ.

ЗэIущIэм и етIуанэ Iыхьэр хэгъэрейхэм я тепщэныгъэкIэ екIуэкIащ. КIэух дакьинкъэхэм джэгум кьыхахуащ етIуанэу дагъуэ зыхуащIа «Динамо»-м и гъущхьэхъумэныкъуэ Логуэ.

Адрей командхэхэр зэрызэдэджэгуам кьрикIуахэр: **ЦСКА - «Рубин» - 1:5, «Крылья Советов» - «Спартак» - 2:0, «Зенит» - - «Тэрч» - 3:0, «Кубань» - «Москва» - 1:4, «Локомотив» - «Амкар» - 1:2, «Ростов» - «Сатурн» – 2:6, «Химки» – «Томь» – 0:0.**

КЪЭХЪУН Бэч.

● Хъужъу

Бахьсэн районым хьыхь Зеикъуэ къуажэм щыпсэу Лыгъэм Хьэсэнбий Льостэнбий и къуэм и махуэ льапIэмкIэ дохъуэхъу

Ныбжь дахэм уэзрыншэсар уогъэльапIэри, ди нэхьыжьыфIым дынохъу зхъу апхуэдэ махуэшхуэ нуэд иджыри уIущIэну. Уи уэзыншагъэр мыкIуэщIу, дэрэжэгъуэ уиIэу, быным, абыхэм я щIэб лэм я насыпым унгъэгуфбэу, уи жьэгур уардэр унэрэ хьэщIэ етIысэкIыпIэу, уи пщIэр лыар эрэ уи эзфIэкIым адэкIи хэхъу эу куэдрэ укьыгтщхьэщытыну Iхъэм жиIэ.

Уи щхьэгъуэ Iэсят, уи быныжу Залинэ, Маринэ, Аэрэ т, уи пхъурылъхуэху Бесльэн, Ланэ, Елдар.

● Щапхъэ

Сыт псом ящхьэр?

ЕгъэджакIуэ IэнатIэм пэрыуэну тукъыдэж зиIэ щIалэгъуэлэр кIуэ пэтми нэхъ мащIэ хъумэ, лажьэкъым яхэтщ зэфIэкI зиIэ егъэджакIуэ ныбжьыщIэхэр. Абыхэм ящыщщ Бахьсэн районым хьыхь ХьэтIохъущыкIуей къуажэм дэт курыт еджапIэ №1-м и егъэджакIуэ Афэщlагъуэ Маритэ.

АФЭЩIАГЪУЭМ курыт школыр кIуауэ нэужь, педколледжыр, нужькIэ КъБКъУ-м филологиемкIэ и кьудамэр ехъулIанэкIэ къуохащ. Школым щыщIэса зэманым щегъэжьауэ ар щIэхъуэпсыр егъэджакIуэу лэжьэну, сабийхэм яхэтыну.

Я IэнатIэм зэрыпэрыт ильэси 10-м кьриубыдэу ар хунэсащ екъулIэныгьэфIхэр зыIэригъэхьэну.

- Афэщlагъуэр зэфIэкI зиIэ егъэджакIуэ гумызагъэщ, - жеIэ школым и унафэщI Нэхущ Аллэ. - Абы еджакIуэхэм классщIыб лэжьыгъэхэр, зэпеуэхэр, щIанагъэхутэ дерсхэр щIэх-щIэхыпхэр ядергъэкIуэкI. Апхуэдэ щIыкIэкIэ сабийхэм еджапIэр щIэщыгъуэ ящещI, я зэфIэкIхэм хагъэхъуэным хуэпабгъэу ехьегъэтэжащ. Маритэ и лэжьыгъэм гурэ псэкIэ зэрыбгъэдэтым и щыгъэхэтр районхэм, республикэхэм щыIэ зэхьэзэхуэхэм кьызэрыхэжаныкIыр.

ЕджакIуэхэр зэхуэдэкъым, хэти псынщIэу щIэныгъэм хозагъэ, хэти нэхъ елIэлIэн хуейщ. Абы кьыхуокIыу еджэным нэхъ кьыкIэрыхухэр е щхьэусыгъуэу гуэркIэ дерсхэр дэзыгъэхуэхэр адрейхэм кьаэрыкIэрымыгъэхуэным мыхьэнэщхуэ ирет, дэтхэнэ еджакIуэмэ бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ хьэхуегъуэт, еджэным гукъыдэж хуригъэщIын щхьэкIэ. Иужьрей эзманым ар ерыщу йолажь методикэм. Псалъэм папщIэ, класс нэхъыщIэхэм уаэзрыдэлэжьэну щIыкIэм теухуауэ иджыблагъэ ищIа докладым фIыкIэ куэд кьыпэджэжащ.

Бзэм теухуауэ щколхэм, районым щекIуэкI зэпеуэхэм Маритэ жыджэру хэтщ. Районым адыгэбзэмкIэ щрагъэжьКIа олимпиадэхэм абы и гъэсэнхэм увыпIэхэр мызэ-мытIэу кьыщащхьащ. Ар кьыхэжаныкIащ «Псэу,ефIакIуэ, си Къэбэрдей», «Си адыгэбзэ - си адыгэпсэ», «АдыгэбзэмкIэ егъэджакIуэ нэхъыфI» зэпеуэхэми. АфэщIагъуэм апхуэдэу кьохъуэлIэ ди льэпкъ хабзэхэм теухуа классщIыб лэжьыгъэхэр. Абыхэм жыджэрагъэпэща контратакэ псынщIэхэр налшыдкэсхэм я гъущхьэхъумэхэм гугъущэ демыхьу кьызэпаудащ.

ЗэIущIэм и етIуанэ Iыхьэр хэгъэрейхэм я тепщэныгъэкIэ екIуэкIащ. КIэух дакьинкъэхэм джэгум кьыхахуащ етIуанэу дагъуэ зыхуащIа «Динамо»-м и гъущхьэхъумэныкъуэ Логуэ.

Адрей командхэхэр зэрызэдэджэгуам кьрикIуахэр: **ЦСКА - «Рубин» - 1:5, «Крылья Советов» - «Спартак» - 2:0, «Зенит» - - «Тэрч» - 3:0, «Кубань» - «Москва» - 1:4, «Локомотив» - «Амкар» - 1:2, «Ростов» - «Сатурн» – 2:6, «Химки» – «Томь» – 0:0.**

КЪЭХЪУН Бэч.

ру хэгъэ абы и гъэсэн цIыкIу-хэри.

Маритэ и дерсхэр, зытеухуам елъытауэ, бейщ тхылъхэмкIэ, хьэпшыпхэмкIэ, суредтхэмкIэ, хэдыкIхэмкIэ.

- Дэтхэнэ си екъулIэныгъэми еджапIэм и унафэщI Нэхущ Аллэ си гъэкIуэхуэмэ я гуащIэ хэльщ. Ахэр сыт щытыуи чэнджэщэгъу пэжку сиIэщ, - жеIэ Афэщlагъуэм.

Сэ сыхущIокъу еджакIуэхэм щIэныгъэ ябгъэдэслъхъэну, ауэ нэхъапэжу къызолытэ гъэсэныгъэ дахэ, цIыхугъэ яхэтлъхъэнри. Ди егъэджакIуэ нэхъыщхьэм дызыхуохущийуэ щытари аращ. КъищынэмыщIауэ, псом ящхьэу къызолытэ сабийхэм я хэкум лъагэныгъэ хуаIэу, я льэпкъым и тхыдэр, анэдэлъхубзэр ящIэу къэгъэхъуныр.

Къыхэгъэщыпхъэщ, Маритэ егъэджакIуэфI къудейм и мызакъуэу, адыгэ хабзэ, нэмыс зыхэлъ унэгуащэуи зэрыщытыр. Дауи, ар я фIыщIэщ и адэ-анэ Шэт Мухьэмэдрэ КIуарзэрэ. ЦIыхугъэ, хьэл-щэн дахэ хэлъу ягъэса я хъыджэбзым зыхэс унагъуэми и лэжьэгъухэми фIыуэ я кьалъагъу, пщIэ кьыхуащI.

ЕгъэджакIуэ IэщIагъэр мытыншми, Маритэ и гъащIэ гъуэгум кьыщыхихар аращ икIи ар нагъуэщI Iэщlагъэкlэ хуэмыхъуэжьыфыну кьыщохъу, цIыкIуэм яхэмыту и нэгу кьыхуащIэгъэхьэхэркъым.

Ди гуапэщ Маритэ ехъулIэныгъэфIхэр иIэу и лэжьыгъэм илъэс куэдкIэ бгъэдэтыну.

ТАБЫЩ Динарэ.

● Пщэдей

КъежьапIэм пшыхь зэхешэ

Творческэ щIадзэгъуэгъэм защIигъэкъуэн мурадкIэ, КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм еублэ «Кьежьапlэ» зыфIища проектыр.

ЩОДЖЭНЦЫКIУ Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей кьэрал драмэ театрым щэкIуэгъуэм и 11-м щекIуэкIынущ а проектым и ипэ Iуэхур - «Къудамэщ1э» тхылъым и лъэтеувэ пшыхь. Ар кьыззэрагъэпэщ мы министерствэмрэ КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзымрэ. Пшыхьым зытрауху тхылъым щызэхуэхьэсащ «Шыхутъаитъэ» адыгэ литературэ хасэм хэт тхакIуэ ныбжьыщIэхэм я усэхэмрэ рассказхэмрэ.

Пшыхьым фащIыущIэнущ къэбэрдей литературэм и пащдейр зэпытэ тхакIуэ, усакIуэ ныбжьыщIэхэм. Ахэр къеджэнущ я Iэдакъэщ1экIхэм щыщхэм.

Лъэтеувэм хэтынущ республикэ щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр, артист щIэныгъэхэр. Пшыхьым щIидзэнущ сыхьэтыр 18-м. ТхакIуэ, усакIуэ ныбжьыщIэхэм я зэфIэкIым зыщызэригъэгъуэзэну хуей псори абы фрагъэблагъэ.

ЗЕИФэ Динэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖЪэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Къардэн Маритэ, Ныбжьэ Таисэ, Хьэжыкъарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымрэ щIэкIэ щыIэ уэрам, 5, егъэуанэ - епщIанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэ Iуэхуэщ1анIэхэм ядолжэзэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмэхмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхуэщ1анIэм - 42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пжьагъымкIэ аэрэ зытехаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцмрэ я Iуэху еплыкIэр эзтехуэ зэныту щыгъым.

Газетыр Iэ тезыдахэм яхуэхьныр и щIэ дальщ КъБР-м федералыэ нощт зэныщIыпхъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щIыпмкIэ жэуап екъ КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №1Н-0065-м щIэту ягъуащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Ленинымрэ и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, редактору ЩIхьэщэмыщI Иэз, корректорхэу Щоджэн Инэ** *(1,2-нэ нап.),* **Цей Заирэ** *(3,4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ:* **Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** ***суэрэтыщI*** **Бицу Жанэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 22.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 10.125 ● Заказ №3566